



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 4 avril 2012

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOJÈ NY WORKS PRAL MODÈNIZE PAK ETA A,
ESPAS ISTORIK YO AK YON BILDING ESKI NAN HUDSON VALLEY**

Yon Investisman \$34 Milyon Dola pou Pwojè Reparasyon

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon investisman \$34 milyon dola pou pwojè NY Works pou modènize ak repare nèf (9) pak, de (2) espas istorik ak yon bilding eski nan Hudson Valley.

Pwojè NY Works la pou re-envante devlopman ekonomik eta a avèk yon nouvo estrateji inovatè k ap mete Nouyòkè yo nan travay ankò pou rebati enfrastrikti eta a. Gwoup Travay la Force pral ede kreye anpil ak yon pakèt djòb. Pou fè sa, l ap kowòdone plan kapital detaye, l ap sipèvize investisman ki nan pwojè enfrastrikti yo, epitou l ap akselere anpil santèn pwojè enpòtan nan eta a.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Eta New York adopte pou yon dezyèm ane swivi yon bidjè ki gen transfòmasyon ak ekilib ki diminye liy depans yo, pandan l ap konsantre sou kreyasyon djòb ak efikasite gouvènman an. Poto-mitan bidjè sa a se pwogram New York Works, yon nouvo estrateji pou jwenn kapital lajan pou fè Nouyòkè yo retounen nan travay epi pou rebati enfrastrikti nou yo ki la lontan tankou sistèm pak eta a anpil moun ki nan eta ap itilize.”

Senatè Eta a, Bill Larkin, di konsa, “Pandan twò lontan, yo te kite pak nou yo nan move kondisyon, epi pak yo te pèdi bote yo te genyen anvan. Gouvènè Cuomo konnen kijan li enpòtan pou gen yon bèl sistèm pak kòm yon atraksyon pou New York nan touris, epitou pou amelyore kalite lavi pou sitwayen yo. Sibvansyon sa yo se yon egzanp Gouvènè a pou rekonstwi New York depi anba pou rive anwo epi pou repare pak nou yo pou mete yo jan yo te ye anvan, epitou mwen apresye efò li yo ak tout kè mwen.”

Senatè Steve Saland di konsa, “Mwen kontan poutèt yo mete nan bidjè sa a yon kantite lajan kapital pou reyabilitasyon sistèm pak eta New York. Sistèm pak eta nou an se yon eleman enpòtan pou touris rejyonal ak touris eta nou an, epi relans trezò natirèl sa yo ap non sèlman kreye anpil nouvo djòb, men tou y ap atire anpil vizitè nan pak ak espas istorik New York.”

Haitian Creole

Manm Asanble Kenneth Zebrowski di konsa, “Li enpòtan pou nou toujou modènize ak pwoteje pak Eta New York yo pou fanmi nou yo kapab kontinye jwi yo. Yon gwo eleman Pwogram New York Works se finansman pou reparasyon ak modènizasyon enfrastrikti ki nesèsè nan pak eta nou yo. Lè nou modènize pak nou yo ak bilding pake yo, nou kreye anpil djòb ki trè nesèsè, epitou nou asire fanmi Konte Rockland kapab kontinye jwi pak sa yo pandan plizyè ane k ap vini.”

Manm Asanble Shelley Mayer di konsa, “Avèk sezon prentan an, n ap genyen plis itilizasyon pak eta yo ak sant lwazi yo. Kidonk, mwen sitou kontan pou anonse yon investisman \$2,6 milyon dola nan nouvo finansman eta a pou amelyore Old Croton Aqueduct Trail. Finansman sa a pral reyabilite pon ki toutolon Chemen an, investisman nan ekonomi lokal nou pandan l ap fè Chemen an menm pi enteresan pou siklis yo ak moun k ap pwomennen yo.”

Bidjè a kontinye angajman Gouvènè a pou responsablite fiskal la pandan l ap kreye anpil djòb, ak bay jarèt pou kominote yo ki toupatou nan eta a. Li elimine yon defisi plizyè milyon dola san nouvo taks, frè oswa demagoji. Li limite ogmantasyon depans yo a de (2) pousan oswa pi piti pase sa pou yon dezyèm ane swivi, epitou li lanse Gwoup Travay New York Works pou investi anpil milya dola pou rebati wout, pon, pak ak lòt enfrastrikti eta a, epitou li kreye anpil dizèn milye djòb.

Bidjè a gen ladan pwogram enpòtan pou devlopman ekonomik ak pwogram pou transpò, refòm enpòtan pou fè gouvènman an vin pi efikas, ak mezi pou bay jarèt pou kominote yo ki toupatou nan eta a.

Gwoup Travay New York Works

Gwoup Travay New York Works ap kowòdone plan kapital nan tout 45 ajans ak otorite yo, l ap sipèvizè investisman ki nan pwojè yo ak aksè nan finansman, epitou l ap fasilite kreyasyon anpil ak yon pakèt djòb.

Anvan pwogram New York Works la, pa gen plan detaye eta a pou \$16 milya dola nan depans kapital anyèl yo 45 ajans ak otorite eta a te fè. Nan kèk ka, ansanm avèk pwojè Port Authority, MTA ak Depatman Transpò, yo itilize anpil milya dola kontribiyab oswa lajan pasaje pou finanse plan transpò a nan menm zòn san kowòdinasyon ant ajans yo. Pou premye fwa, Gwoup Travay New York Works ap devlope yon plan enfrastrikti kapital kowòdone pami ajans yo ak otorite yo. Gwoup Travay la, ki fòm avèk dirijan nan finans, travay, planifikasyon ak transpò ap rekòmande chwa finansman pou pwojè ak metòd pou fasilite konstwiksyon nan enfrastrikti enpòtan.

Gwoup Travay New York Works ap gen kenz (15) manm ladan. Gouvènè a ap deziyen nèf (9) nan manm yo, epi Lejislati a ap deziyen sis (6) lòt manm yo. Tout ajans ak otorite prensipal eta a ap patisipe nan yon konsèy aplikasyon pou kowòdone planifikasyon kapital la.

Y ap afiche tout pwojè New York Works sou sitwèb la avèk vrè chanjman yo yon fason pou Nouyòkè yo kapab swiv pwogrè pwojè ki nan kominote yo. Y ap mete tout lis la anliy sou nan kèk jou k ap vini yo.

Haitian Creole

Rekonstwiksyon Pak Eta New York yo

Finansman New York Works ap bay \$89 milyon dola, pou jwenn \$143 milyon dola nan finansman total, pou repare pak eta a, sa ki reprezante pi gwo kantite lajan yo bay nan istwa lajan kapital pou pak New York yo. Pou kounye a, 83% pak eta a nan move eta. Y ap finanse pwojè yo nan chak zòn eta a, pwojè yo ap amelyore eksperyans vizitè yo, epitou y ap pèmèt pak eta nou yo re-parèt apre plizyè ane yo pase nan move kondisyon.

Pwojè New York Works nan Hudson Valley prezante konsa:

Non Pwojè a	Deskripsyon Pwojè a	Depans Total pou Pwojè a
Bear Mountain State Park	Repare ak refè Seven Lakes Drive Road, yon wout pak yo itilize anpil ki nan trè move kondisyon.	4.000.000
Bear Mountain State Park	Reyabilite ak modènize sistèm dlo ak dlo egou ki sèvi Bear Mountain Park ak Harriman State Park.	5.000.000
Belleayre Mountain Ski Center	Lajan an pral sipòte antretyen asansè, antretyen bilding ak lòt enfrastrikti ak pwojè antretyen pou prekosyon.	1.000.000
Fahnestock State Park	Ranplase sistèm apwovizyonman dlo ki pase mòd nan Taconic Outdoor Education Center, ki pa satisfè kòd sante a nan moman an.	1.000.000
Franklin D. Roosevelt State Park	Reyabilite bilding beny piblik ki nan move kondisyon yo, epitou repare sistèm filtraj pisin nan ki la lontan. Pisin nan, youn nan pi gwo pisin nan peyi a, nan yon distans 35 mil avèk Vil New York, epi kominote ki pa jwenn ase sèvis yo itilize li anpil.	1.150.000
Amelyorasyon nan Hudson Valley State Parks	Reyabilite estrikti, twati, sistèm elektrik, sistèm dlo ak sistèm dlo ize ki nan move kondisyon nan plizyè kan timoun ki pa jwenn ase sèvis itilize nan Bear Mountain Park ak nan Harriman State Park.	3.355.000
Lake Taghkanic State Park	Rekonstwi kat (4) twalèt piblik ki nan move kondisyon nan Lake Taghkanic State Park. Bilding sa yo ki la lontan an se yon siy vizib ki montre pa gen investisman eta ki fèt nan pak eta a.	2.400.000
Mills-Norrie State Park / Staatsburgh State Historic Site	Repare East Portico of Mills Mansion, epi repare twati chato ki koule; epitou reparasyon miray an pyè ki nan Mills istorik la	4.200.000

Mills-Norrie State Park Marina	Gwo kantite sediman te akimile nan marina an, sa ki fè kèk glisman teren vin pa itil, yon sitiasyon ki diminye revni pak la. Efò pou netwaye marina a pou retire sediman ki akimile yo pral pèmèt yo itilize marina a pi byen.	2.000.000
Minnewaska State Park	Lajan sa a pral sipòte pwochen faz rekonstwiksyon chemen popilè pak la, yo itilize pou pwomennen, monte bisiklèt, ak eski nan pwomnad.	1.000.000
Olana State Historic Site	Olana pami espas istorik ki pi enpòtan nan sistèm pak eta a, epi li se yon gwo atraksyon pou touris. Reparasyon twati Olana ki koule a enpòtan pou antretyen sèl estrikti sa a.	1.500.000
Amelyorasyon nan Old Croton Aqueduct Trail	Ranplase plizyè pon ki nan move eta toutolon Old Croton Aqueduct, yon chemen pave sou yon distans 26 mil yo itilize anpil nan Konte Westchester ki pase toutolon anlè akedik istorik la.	2.600.000
Rockland State Park	Repare fuit yo pou evite fèmti pisin pak la, kote kominote ki pa jwenn ase sèvis yo vini souvan.	5.000.000
	Total	\$34.205.000

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418